

# Dwa ak Responsablite

## Pasyan, Reprezantan Pasyan, ak Fanmi yo



Boston Children's Hospital pran angajman pou li respekte epi pwoteje dwa pasyan nou yo, paran yo / responsab legal yo, fanmi yo ak vizitè yo. Nou gen pou n travay an patenarya avèk ou pou n founi bon jan kalite swen ki santre sou pasyan an ak lafamni. Boston Children's fè tout efò posib pou li respekte kilti w, ras ou, reliyion w, koulè w, sèks ou, idantite seksyèl ou, oryantasyon seksyèl ou, eta sivil ou, gwo-sès ou, orijin nasional ou, asandans ou, orijin etnik ou, laj ou, andikap ou, ak estati militè oswa veteran w.

Avi sa a pale sou dwa ak responsabilite w yo pandan w ap resevwa swen. Mande yon manm nan ekip swen w lan yon kopi. Si w santi yo pa t respekte dwa w oswa dwa timoun ou an, tanpri pale ak yon manm nan ekip swen w lan oswa ekip swen timoun ou an.

### Ou Gen Dwa:

#### Swen ak Trètman

- Pou w resevwa swen ki san danje epi ki temwaye respè anèv moun ou ye a.
- Pou w resevwa swen ki san diskriminasyon, abi oswa neglijans.
- Pou w resevwa soutyen pou w reporn ak bezwen relifye epi espirityèl ou yo
- Pou w yon manb ki aktif epi ki enfòrme nan ekip swen an
- Pou w resevwa trètman annijans, kit ou ka peye kit ou pa kapab peye.
- Pou w jwenn swen ki pran an chaj doulè w oswa doulè timoun ou an.
- Pou w pran yon desizyon ki ekle epi ki volontè konsènan pwosedi, entèvansyon, oswa trètman yo rekòmande w yo — pami yo avantaj yo di w ou mét attan ou pou w jwenn yo, risk potansyèl yo, ak altènativ ki disponib yo — sof nan yon ka ijans.
- Pou w chwazi yon founisè swen sante ki disponib pou swen ak trètman w yo, an konfòrmite ak Kòd Konduit nou an, sof nan yon ka ijans.
- Pou w konsilte yon lòt espesyalis (chèche yon dezyèm opinyon) sou kont lajan nan pòch ou.
- Pou w resevwa swen ki reponn ak bezwen espesyal yo nan limit kapasite nou; sa ka enkli yon anviwònanman ki aksesib pou chèz woulant epi, si sa nesesè, yon entèprèt.
- Pou w benefisyè yon transfè an sekirite pou w ale nan yon lòt etablisman ki aksepte ba w trètman.
- Pou w resevwa resous ki ka ede w apre w fin egzeyate (lè w ale lakay ou) oswa pou yo ba w enfòmasyon sou yo. Pou yo enfòrme w sou sa w bezwen konnen ak fè lè ou menm oswa timoun ou an retounen lakay nou.
- Pou w chwazi pou w pa resevwa swen sof si sitiayon an prezante yon risk pou sante oswa byennèt ou oswa pa timoun ou an, kote nan ka sa a lopital la ka poze aksyon epi enplike Depatman Timoun ak Fanmi an an konfòrmite ak politik lopital la ak lwa yo ki an vige yo.
- Pou w sibi kontrent ki gen mwens restriksyon an, si sa nesesè, pou dire tan ki pi kout la ki gen pou pwoteje ou menm, vizitè yo ak anplwaye yo kont danje.

#### Kominikasyon

- Pou yo enfòrme w konplètman konsènan dyagnostik ou oswa pa timoun ou an, opsyon trètman yo, ak risk yo lè yo itilize tèm ou ka konprann pou w ka patisipe nan tout aspè swen w yo epi fè chwa ki ektere. Nan ka ijans yo, sa ka rive apre trètman an.
- Pou w deside pa patisipe nan etid rechêch, pou w pa yon sijè rechêch, oswa pou w pa resevwa enfòmasyon edikatif ki pa terapeutik.

- Pou w resevwa repsons pou kesyon oswa preyokipasyon w yo ki alè, ki egzat, epi ki konplè nan yon lang ak mo ou konprann.
- Pou w konnen non ak espesyalite manm ekip klinik ou an oswa pa timoun ou an.
- Pou w mande nou enfòrme yon manm fanmi oswa yon lòt founisè konsènan swen ak trètman ou menm oswa timoun ou an resevwa nan men Boston Children's.
- Pou w mande enfòmasyon konsènan relasyon lopital la oswa founisè swen sante yo genyen ak nenpòt lòt etablisman swen sante oswa enstisyon edikatif ak li yen li genyen ak swen w yo oswa timoun ou an.

- Pou w chwazi yon moun ki pou pran desizyon medikal si ou menm oswa timoun ou an pa kapab. Lopital la gen pou l founi enfòmasyon sou desizyon ki pran nan zafè swen sante yo bay moun tankou yon mandatè swen sante, yon responsab legal tribinal nonmen, moun k ap bay swen yo deziyen, ak lòt sèvis defans ak pwoteksyon.
- Pou w jwenn enfòmasyon alekri sou kontrasepsyon ijans, konsèy, ak lòt fòm soutyen, san wete pou yo ba w kontrasepsyon ijans si ou menm oswa timoun ou an manda sa.

- Pou lopital la respekte chwa w oswa chwa timoun ou an konsènan swen w oswa swen timoun ou an (pami yo don ògàn ak desizyon pou mete fen nan lavi) jan lalwa pèmèt sa ak/ oswa nan limit kapasite lopital la.
- Pou w jwenn enfòmasyon sou trètman altènatif ki apwopriye sou plan medikal si ou menm oswa timoun ou an gen nenpòt fòm kansè nan tete.
- Pou yo enfòrme w konsènan règ lopital yo y atann pou pasyan yo, fanmi yo ak vizitè yo swiv.
- Pou w poze kesyon, pataje preyokipasyon w yo, oswa depoze yon plent oswa doleyans fòmèl konsènan swen ak sèvis ou resevwa yo jan sa dekri pi ba a nan sekson Fidbak la.

#### Vi prive ak Konfidansyalite

- Pou w resevwa swen nan yon degré konfidansyalite ki rezonab nan limit kapasite nou.
- Pou lopital la kenbe enfòmasyon medikal ak komunikasyon w oswa pa timoun ou an konfidansyèl.
- Pou w resevwa yon kopí praktik konfidansyalite Boston Children's yo sou fason nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante yo.
- Pou w chwazi pou nou pa mansyone w nan repètwa pasyan nou an pou kenbe sejou w nan lopital la prive.

- Pou w chwazi kiyès ki kapab ak kiyès ki pa kapab ba w vizit. Boston Children's ka aplike limitasyon vizitè pou rezon tankou risk enfeksyon, espas ki limite, eta ijans, sitiayon ijans, oswa sekirite pasyan nou yo, fanmi yo, vizitè yo ak/ oswa manm pésònèl nou yo.
- Pou w deside pa patisipe nan etid rechêch, pou w pa yon sijè rechêch, oswa pou w pa resevwa enfòmasyon edikatif ki pa terapeutik.

- Pou w refize pou etidyan egzamine w, obsèv w, oswa trete w, an konfòrmite ak Kòd Konduit nou an, san sa pa konpwomèt aksè w pou w resevwa swen.
- Pou w bay Boston Children's pèmisyon anvan nou pran foto oswa video ou menm oswa fanmi ou.
- Pou w refize demann pou patisipasyon nan aktivite pou kolekte fon oswa pou maketin.

#### Dosye Medikal ak Èd Finansye

- Pou w gen aksè ak dosye medikal ou an oswa dosye medikal timoun ou an oswa pou w mande yon kopi.
- Pou w mande yon koreksyon nan dosye medikal ou an /dosye medikal timoun ou an si ou rete kwè enfòmasyon yo pa kòrèk.
- Pou w jwenn yon kopi fakti w la, diskite sou frè yo, epi resevwa eksplikasyon sou frè ki lye ak sèvis yo founi w yo.
- Kontakte Depatman Finans pou Pasyan Boston Children's lan nan 617-355-3397 si w bezwen èd pou w peye fakti w la oswa si w gen lòt kesyon sou faktirasyon an.

#### Responsabilite Ou / Fanmi Ou

##### Swen ak Trètman

- Pataje enfòmasyon sou sante pasyan an ki konplè epi ki ajou tankou antedesan medikal yo, sentòm yo, trètman yo, medikaman li te pran, ak lòt enfòmasyon ki t a ka afekte yon plan trètman, pami yo nenpòt planifikasyon pou swen ki te fèt davans.
- Konprann yo gen pou pataje enfòmasyon medikal pasyan an ak manm ekip klinik la, lòt founisè yo pou kowòdinasyon swen, konpayi asirans yo, oswa moun ou otorize pou konsilte dosye ou yo.
- Fè nou konnen kijan ou swete patisipe nan swen w oswa swen timoun ou an epi poze kesyon si ou pa konprann plan swen an, enstriksyon yo, oswa responsabilite ou oswa responsabilite timoun ou an.

- Fè nou konnen imedyatman si gen chanjman nan eta w oswa eta timoun ou an.
- Travay men nan men ak ekip swen an sou plan swen an.
- Pa entewonp oswa bloke entansyonèlman swen oswa eksperians yon pasyan
- Ale nan randevou ki pwograme yo epi fè nou konnen davans si ou pa kapab ale nan yon randevou.
- Swiv règleman Boston Children's yo konsènan zòn espesifik swen pasyan yo.
- Pou w responsab afè w oswa afè timoun ou an lè w nan yon etablisman Boston Children's. Tanpri kite tout bagay ou pa bezwen yo lakay ou.

#### Konsiderasyon pou Lòt Moun yo.

- Pa pale konsènan enfòmasyon sou lòt pasyan yo oswa fanmi yo oswa repete enfòmasyon sila yo.
- Pale avèk yon volim epi ton ki favorize yon anviwònanman ki reposan ak apezan pou tout pasyan yo.
- Swiv règ ki gen pou wè ak lè kalm yo epi pran an konsiderasyon nivo bri yo lè w gen moun ki vin vizite w.
- Respekte pwopriete Boston Children's ak pwopriete lòt pasyan, fanmi, ak vizitè yo.
- Aji nan fason ki apwopriye epi asire w ou respekteye lè w ap eseye regle dezakò.

#### Kòd Konduit

- Swiv Kòd Konduit pou Pasyan, Fanmi ak Vizitè nou an pou kenbe tèt ou ak lòt moun an sekirite.
- Respekte dwa lòt pasyan, fanmi, ak manm pésònèl lopital yo. Pa egzanp: Prete atansyon ak nivo bri w emèt lè w ap pale oswa lè w ap itilize aparèy mizik/videyo. Pa pale konsènan enfòmasyon sou lòt pasyan yo oswa fanmi yo oswa repete enfòmasyon sila yo.
- Aji ak pale nan yon fason ki montre konsiderasyon ak respè youn pou lòt pou ekip swen an, lòt pasyan yo ak fanmi yo, oswa vizitè yo. Pa gèn tolerans pou aksyon ak langaj ki entimidan, ki abizif oswa ki derespektan, epi yo ka afekte aksè w ak lopital la.
- Soutni efò yo ki vize amelyore ekite nan zafè sante, divèsite, ak enklizyon manm pésònèl nou yo, pasyan yo, ak fanmi yo. Pa gèn tolerans pou aksyon ki pa apwopriye, ki derespektan oswa ki diskriminatwa, epi yo ka debouche sou limitasyon aksè pou jwenn sèvis yo, sou transfè nan yon lòt etablisman, oswa egzeyat.
- Konprann Boston Children's se yon kanpis kote moun pa fimen. Si w fimen oswa rale vapè, w ap oblje kite perimèt lopital la.

Si ou pa respekte Kòd Konduit nou an oswa w poze yon pwoblèm sekirite, nou ka:

- Rele sekirite a ak/ oswa lapolis
- Mande w pou w kite randevou a, inite a oswa etablisman an oswa mete yon fen nan yon apél.
- Etabli yon akò sou atant konpòtmantal yo ki ka enkli vizit ki limite, yon restriksyon nan zafè aksè pou jwenn sèvis yo, transfè nan yon lòt etablisman, oswa yon egzeyat ki apwopriye sou plan medikal.

#### Doleyans Fòmèl (plent oswa preyokipasyon)

Boston Children's pran angajman pou li founi bon jan kalite swen pou pasyan nou yo. Nou swete w di nou si w pa satisfè ak swen w resevwa yo.

Ou ka pataje yon plent oswa depoze yon doleyans fòmèl nan fason sa a:

- Pale ak yon responsab depatman oswa yon manm nan ekip klinik ou an oswa timoun ou an.
- Kontakte manm pésònèl Relasyon avèk Pasyan Boston Children's yo, swa vèbmalman oswa alekri.
- Lendi rive Vandredi, 8è 30 a.m pou rive 4è 30 p.m.: 617-355-7673
- Apre 4è 30 p.m. / pandan wikenn/ nan jou ki ferye: Rele administratè swen enfimye ki nan peryòd god li a nan 617-355-6369.

- Adrès postal:  
Boston Children's Hospital  
Patient Relations, Mailstop 3238,  
300 Longwood Ave., Boston, MA 02115
- Manm pésònèl Relasyon avèk Pasyan yo gen pou yo kontakte w yon fwa yo resevwa li epi yo gen pou yo bay yon repons ak preyokipasyon w lan alekri tou, ki ap enkli non moun ki fe kontak nan non lopital la, pwosesis entèn pou egzamine plent lan, rezulta egzamen nou an, ak dat aksyon yo te fini an.

#### Preyokipasyon konsènan Vi prive ak Konfidansyalite

Pou kesyon oswa preyokipasyon konsènan konfidansyalite enfòmasyon prive pasyan yo, kontakte Responsab Pwoteksyon Vi Prive Boston Children's lan:

- imèl: privacy@childrens.harvard.edu
- telefòn: 617-919-4309

#### Konpliman oswa Fidbak

Fidbak ou enpòtan anpil pou nou. Nou espere w gen pou w di nou lè nou fè yon bon travay ak lè w gen yon preyokipasyon oswa lè swen ou yo pa satisfè w.

Men mwayen ou ka itilize pou w kontakte nou:

- Pale ak yon responsab depatman oswa yon manm nan ekip klinik ou an oswa timoun ou an.
- Founi fidbak ou yo atravè yon sondaj ou ka resevwa pa lapòs, pa mesaj tèks oswa pa imèl k ap poze w kèk kesyon konsènan eksperians ou an nan Boston Children's.

#### Ajans Règlementasyon Sekirite Pasyan yo

##### Depatman Sante Publik Massachusetts la

Pasyan yo, konsomatè yo, oswa reprezantan yo ka voye yon Fòm Plent Pasyan an ansanm ak tout fòm ki gen pou wè ak Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite nan zafè Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) ki nesesè yo (ki disponib sou: mass.gov/how-to/file-a-complaint-regarding-a-hospital) bay:

- Division of Health Care Facility Licensure and Certification Complaint Intake Unit 67 Forest St., Marlborough, MA 01752
- Liy 24è sou 24 pou plent konsomatè a: 800-462-5540

##### Depatman Sante Mantal Massachusetts la

Ranpli epi voye Fòm Plent Depatman Sante Mantal la (Department of Mental Health, DMH) (ki disponib sou: mass.gov/service-details/complaint-form) pa lapòs bay:

- Department of Mental Health Central Office of Investigations 25 Staniford St., Boston, MA 02114
- Liy pou Enfòmasyon sou DMH ak Resous li yo: 800-221-0053

##### Komision Miks la (The Joint Commission)

Anly:

- jointcommission.org, klike sou "Contact Us" (Kontakte Nou) epi seleksyon "Patient Safety Complaint." (Plent Konsènan Sekirite Pasyan yo)

Pa lapòs:

- The Office of Quality and Patient Safety The Joint Commission One Renaissance Blvd. Oakbrook Terrace, IL 60181

##### Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS)

Ale sou sit entènèt CMS la pou w jwenn enfòmasyon kontak yo:

- cms.gov/About-CMS/Agency-Information/ContactCMS/index.html

Rele:

- 800-MEDICARE (800-633-4227)

##### Biwo Dwa Sivil yo (The Office for Civil Rights)

Ranpli yon fòm anly:

- ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf Ossa voye yon plent alekri pa lapòs:
  - Centralized Case Management Operations U.S. Department of Health & Human Services 200 Independence Ave., S.W. Washington, DC 20201

#### Jwenn plis enfòmasyon sou paj entènèt Dwa ak Responsablite nou an

childrenshospital.org/legal/patient-and-family-rights

